



Welcome to Imagine Reading!

Chè Paran oswa Founisè Swen,

Byenvini! Elèv ou a enskri Imagine Reading pou nouvo ane eskolè a! Imagine Reading Se yon pwogram alfabetizasyon ki baze sou rechèch ki anseye konpreyansyon lekti, panse kritik ak komunikasyon vèbal. Pou w ka aprann plis Imagine Reading, vizite www.imaginelearning.com/literacy/reading.

Eksperyans elèv ou a Imagine Reading

Imagine Reading konbine aktivite aprantisaj sou entènèt yo ak aktivite aprantisaj nan klas la, pou kapab kreye yon eksperyans efikas e ki kapab motive elèv yo. Imagine Reading divize an inite ki baze sou sijè oswa yon tèm santral. Chak inite gen plizyè videyo, seleksyon lekti ak posibilite pou fè diskisyon nan klas la. Elèv yo ap gade yon ti videyo tou kout ki prezante sijè santral la pou kòmanse chak inite. Ak èd pwofesè yo, apre sa elèv yo ap pase nan diskisyon k ap fèt nan klas la epi li kèk tèks enteresan pou yo kapab devlope bon jan kapasite nan lekti ak ekriti, konstwi yon langaj akademik epi dekouvri lòt sijè nan nivo lekòl la.

Imagine Reading sa gen seleksyon lekti tèks fiksyon ak lòt tèks ki pa fiksyon ki touche divès sijè entreresan tankou lasyans, boza, teknoloji, lanati, literati klasik ak istwa popilè. Toutotan elèv yo ap avanse nan seleksyon lekti yo ak aktivite an gwoup ki nan chak inite yo, y ap devlope yon pèsepsyon ki pi laj de sijè santral la. Nan finisman chak inite, elèv yo ap travay ansanm sou yon pwojè gwoup kreyatik ki baze sou sijè santral la.,

Plis elèv ou yo ap itilize yo Imagine Reading, kapasite lekti yo, ekspresyon oral yo ak ekriti yo ap amelyore epi y ap pi pyen prepare pou inivèsite pou fè karyè yo.

Sipòte Pwogrè Elèv Ou a

Ou kapab ede elèv ou a reyisi si w enplike nan Imagine Reading eksperyans li. Swiv rekòmandasyon sa yo pou w kapab Imagine Reading pi byen pwofite ane lekòl sa a:

- **Rete enplike nan eksperyans Imagine Reading pitit ou a.** Mande elèv ou a ki sijè l ap li, ki ide li genyen sou sijè a epi ki kesyon li genyen sou seleksyon lekti li a. Lè timoun nan ap pale avèk ou lakay la (anglè oswa nenpòt lòt lang) sou sa l ap aprann nan, sa ranfòse konsèp ak konpetans l ap aprann lekòl la.
- **Analize pwogrè elèv la ak pwofesè li.** Pale de pwogrè, patisipasyon pitit ou a epi pale de rezilta li, pale de tout domèn konpetans pitit ou a fò ladan yo ak sa li bezwen sipò ladan yo tou.

